

Resevwa Sentespri a

Pa Èldè David A. Bednar

Nan Kolèj Douz Apot yo

***Twa mo sa yo--- “Resevwa Sentespri a”---se pa yon deklarasyon konsa konsa; men, yo konstitye yon rekòmandasyon Prèttriz la---yon egzòtasyon ofisyèl pou aji e non pa senpleman pou moun fè nou aji.***

Mesaj mwen santre sou enpòtans pou nou eseye nan lavi nou chak jou pou n reyèlman resevwa Sentespri a. Mwen priye epi m envite Lespri Senyè a pou enstwi ak edifye nou chak.

### **Don Sentespri a**

An Desanm 1839, pandan l te Washington D.C. pou chèche repare move bagay yo te fè Sen nan Missouri yo, Joseph Smith ak Elias Higbee te ekri Hyrum Smith: “Nan entèvyou nou avèk Prezidan [Etazini an], li te entèwoje nou pou konnen kisa ki diferan ant relijyon nou an avèk lòt relijyon yo nan epòk la. Frè Joseph te di ke nou te diferan nan modèl batèm ak don Sentespri a pa enpozisyon men. Nou panse ke tout lòt konsiderasyon yo konpri nan don Sentespri a.” (*Enseignements des présidents de l’église: Joseph Smith* [2007], 97).

Sentespri a se twazyèm manm Divinite a. Li se yon pèsonaj lespri epi li rann temwayaj konsènan tout verite. Nan ekriti yo yo fè referans ak Sentespri a antanke Konsolatè (gade Jan 14:16--27; Mowoni 8:26), yon enstriktè (gade Jan 14:26; D&A 50:14), ak yon revelatè (gade 2 Nefi 32:5). Revelasyon nan men Papa a ak Pitit Gason an pase atravè Sentespri a. Li se mesaj ak temwen Papa a ak Pitit la.

Sentespri a manifeste bay gason ak fi sou tè a alafwa kòm pouvwa ak don Sentespri. Pouvwa a kapab vini sou yon moun anvan batèm; se temwayaj konvenkan ke Jezikri se Sovè nou ak Redanmtè nou. Atravè pouvwa Sentespri a, envestigatè sensè yo kapab akeri yon konviksyon sou verasite levanjil Sovè a, Liv Mòmmon an, sou reyalyte Retablisman an, ak sou apèl pwofetik Joseph Smith la.

Yo konfere don Sentespri a sèlman apre bon jan batèm apwopriye epi pa enpozisyon men pa moun ki detni Prèttriz Mèlkisedèk la. Senyè a te deklare:

“Wi, repanti epi batize, chak moun, pou padon peche nou yo; wi, batize avèk dlo menm, epi apre sa se batèm dife a ak batèm Sentespri a.

“Epi nenpòt moun ki gen lafwa, ou dwe konfime l nan legliz mwen an, pa enpozisyon men, epi m ap mete don Sentespri a sou yo” (D&A 33:11, 15).

Apot Pòl te rann pratik sa a klè pou Efezyen yo lè l te mande:

“Èske nou te resevwa Sentespri lè nou te kwè? Yo reponn ni: Yo pa t janm di nou te gen yon Sentespri.

“Lè sa a, Pòl mande yo: Ki batèm nou te resevwa? Yo reponn ni: Batèm Jan an.

“Pòl di yo: Jan te batize moun pa batèm repantans, li t ap di pèp Izrayèl la pou yo te kwè nan moun ki t ap vini apre l la, ki vle di Jezikri.

“Lè yo te tandè sa, yo mande pou yo resevwa batèm nan non Senyè Jezi.

“Après, Pòl mete men sou tèt yo, epi Sentespri a desann sou yo” (Travay 19:2--6).

Batèm plonje nan dlo se “òdonans preliminè levanjil la, epi li dwe suiv pa batèm Lespri a pou l kapab konplè” (Bible Dictionnaire, “Baptism,”). Pwofèt Joseph Smith te eksplike ke “batèm se yon òdonans preparatwa sakre pou resepsyon Sentespri a; se kanal ak kle pa ki Sentespri a pral administre. Don Sentespri a pa enpozisyon men, pa kapab resevwa atravè kanal okenn lòt prensip pase prensip lajistis la” (*Teachings: Joseph Smith, 95--96*).

Òdonans konfimasyon yon nouvo manm Legliz la ak ba li don Sentespri a alafwa senp ak pwofon. Detantè Prèttriz Mèlkisedèk ki diy poze men yo sou tèt yon moun epi yo site non li. Après, pa otorite Prèttriz Sen an ak nan non Sovè a, yo konfime moun nan kòm manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo epi yo pwononse fraz enpòtan sa a: “Resevwa Sentespri a.”

Senplisite òdonans sa a kapab lakoz nou neglije siyifikasyon li. Twa mo sa yo--- “Resevwa Sentespri a”--- se pa yon deklarasyon konsa konsa; men, yo konstitye yon rekòmandasyon Prèttriz la---yon egzòtasyon ofisyèl pou ajì e non pa senpleman pou moun fè nou ajì. (gade 2 Nefi 2:26). Sentespri a pa vin operasyonèl nan lavi nou senpleman paske yo te mete men sou tèt nou epi repete twa mo sa yo. Lè nou resevwa òdonans sa a, nou chak aksepte yon responsablite sakre ak kontinyèl pou dezire, chèche, travay, ak viv diy ase pou nou reyèlman “resevwa Sentespri a” ak don esprityèl ki akonpaye l yo. “Paske kisa sa itil yon moun si yo te ba li yon don, epi li pa resevwa don an? Gade, li pa rejwi l nan bagay yo te ba li a, ni tou moun ki te ba l don an pa rejwi tou” (D&A 88:33).

Kisa nou ta dwe fè pou rann egzòtasyon ofisyèl sa a pou chèche konpayi twazyèm manm Divinite a vin yon reyalite? Kite m sijere ke nou bezwen (1) sensèman gen dezi pou resevwa Sentespri a; (2) byen envite Sentespri a nan lavi nou, epi (3) fidèlman obeyi kòmandman Bondye yo.

### **Sensèman gen dezi**

Nou dwe toudabò gen dezi, anvi, ak chèche konpayi Sentespri a. Ou menm avèk mwen kapab aprann yon gwo leson sou dezi ki jis nan men disip fidèl Mèt la yo dekri nan Liv Mòmòn an:

“Epi douz disip yo te preche foul la; e gade, yo te fè foul la mete ajenou sou sifas tè a pou yo priye Papa a nan non Jezi.

“Epi, yo te priye pou sa yo te bezwen plis; e yo te vle pou yo ta resevwa Sentespri a” (3 Nefi 19:6, 9).

Èske menmjan tou nou sonje pou nou priye sensèman ak konstaman pou sa nou ta dwe plis dezire a, ki se Sentespri a? Oubyen èske nou distrè pa lògèy ak zafè mond lan ak woutin lavi chak jou yo epi nou jis aksepte oubyen menm neglije don sa a ki pi enpòtan pase tout don yo? Resevwa Sentespri a kòmanse avèk dezi sensè ak konstan pou nou gen konpayi li nan lavi nou.

## **Byen envite**

Nou pi plis pare pou resevwa ak rekonèt Lespri Senyè a lè nou kòrèkteman envite li nan lavi nou. Nou pa kapab fòse, kontrenn, oswa kòmande Sentespri a. Men pitou, nou dwe envite li nan lavi nou avèk menm jantiyès ak dousè li trete nou an (gade D&A 42:14).

Envitasyon nou pou konpayi Sentespri a fèt nan plizyè fason: atravè fè ak kenbe alyans; nan priye sensèman endividyèlman ak an fanmi; nan fouye ekriti yo avèk dilijans; nan fòtifye bon jan relasyon avèk manm fanmi nou ak zanmi nou; nan chèche genyen panse, aksyon, ak langaj vètye; ak nan adorasyon andedan kay nou, nan tanp sen yo, ak nan legliz la. Yon lòtbò, neglijan nan alyans yo ak angajman yo oswa kraze yo, pa priye ni etidye ekriti yo, ak panse, aksyon, ak langaj ki pa apwopriye lakòz Lespri a ale kite nou oubyen evite nou tou senpleman.

Jan Wa Benjamen te anseye pèp li a: “Epi kounyeya, m di nou, frè m yo, lè nou fin konnen e lè yo fin anseye nou bagay sa yo, si nou ta transgrese, e nou ta mache kont bagay yo te pale yo, si nou ta retire kò nou sou Lespri Senyè a, pou l pa gen plas nan nou pou l gide nou nan chemen lasajès, pou nou kapab beni, pwospere ak pwoteje” (Mosiah 2:36).

## **Fidèlman obeyi**

Fidèlman obeyi kòmandman Bondye yo esansyèl pou resevwa Sentespri a. Yo raple nou verite sa a chak semèn lè n ap koute priyè Sentsèn yo epi diyman pran pen an ak dlo a. Pandan n ap pwomèt dispozisyon nou pou pran nou Jezikri sou nou, pou nou toujou sonje li, ak respekte kòmandman l yo, yo pwomèt nou ke nou kapab toujou gen Lespri li avèk nou (gade D&A 20:77). Konsa, tout sa levanjil Sovè a anseye nou pou nou fè ak devni la pou beni nou avèk konpayi Sentespri a.

Konsidere rezon k fè nou priye ak etidye ekriti yo. Wi, nou anvi kominike nan lapriyè avèk Papa nou ki nan Syèl la nan non Pitit Gason l lan. E wi, nou vle jwenn limyè ak konesans ki disponib nan liv kanonik yo. Men tanpri, konsidere ke abitud sakre sa yo se sitou mwayen pou nou toujou sonje Papa nou ki nan Syèl la ak Pitit Gason Byeneme l la epi yo se kondisyon pou gen konpayi Sentespri a.

Reflechki sou rezon k fè nou adore nan kay Senyè a ak nan reyinyon Jou Saba yo. Wi, nou sèvi zansèt nou ki mouri yo nan tanp lan---ak fanmi nou ak zanmi nou nan pawas ak branch kote n ap viv la. E wi, nou jwi relasyon sosyal nou jwenn pami frè nou ak sè nou yo. Men, nou prensipalman reyini ansanm nan inite pou chèche benediksyon Sentespri a ak enstriksyon nan men li.

Priye, li, reyini, adore, sèvi, ak obeyi se pa bagay ki izole ak endepandan nan yon gwo lis bagay pou nou fè nan levanjil la. Men olye sa, chak nan pratik jis sa yo se yon eleman enpòtan nan yon rechèch espiyèl global pou respekte manda pou resevwa Sentespri a. Kòmandman Bondye nou obeyi yo ak konsèy enspire dirijan Legliz yo nou suiv yo prensipalman santre sou akèri konpayi Lespri a. Fondamantalman, tout ansèyman ak aktivite levanjil yo santre sou vin jwenn Kris la pa mwayen resevwa Sentespri a nan lavi nou.

Ou menm avèk mwen nou dwe efòse pou n vin tankou gèrye yo yo dekri nan Liv Mòmou an ki te “akonpli chak kòmandman yo te resevwa avèk presizyon; wi, e yo te jwenn sa yo te vle dapre lafwa yo.

“Epi yo sonje Senyè a Bondye yo a chak jou avèk presizyon; wi, yo eseye kenbe règleman li yo, ak jijman li yo ak kòmandman li yo tout tan” (Alma 57:21; 58:40).

## Temwayaj

Senyè a te deklare ke Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo se “sèl legliz vrè epi vivan ki sou tout sifas tè a” (D&A 1:30). Legliz retabli sa a vrè paske li se Legliz Sovè a; li se “chemen an, ak laverite a, ak lavi a” (Jan 14:6). Epi li se yon legliz vivan akòz travay ak don Sentespri yo. Ala nou beni dèske n ap viv nan yon tan kote prèttriz la sou tè a, epi nou kapab resevwa Sentespri a.

Plizyè ane apre Pwofèt Joseph Smith te mouri matirize, li te parèt devan Prezidan Brigham Young epi li te pataje konsèy etènèl sa a: “Di moun yo pou yo enb epi fidèl, epi pou asire yo ke yo kenbe Lespri Senyè a epi l ap dirije yo byen. Pran prekosyon e pa detounen yo de ti vwa dous la; l ap anseye [yo sa] pou yo fè ak ki kote pou yo ale; l ap pote fwi wayòm yo. Di frè yo pou yo kite kè yo louvri pou konviksyon, pou ke lè Sentespri a vin jwenn yo, kè yo prepare pou resevwa li. Yo kapab rekonèt Lespri Senyè a nan pami tout lòt lespri yo. L ap chichote lapè ak lajwa nan nanm yo epi l ap retire mechanste, rayiman, lanvi, konfli, ak tout mal nan kè yo; epi tout dezi yo se pral pou fè byen, pou pote lajistis ak bati wayòm Bondye a. Di frè yo si yo suiv Lespri Senyè a, y ap mache dwat” (*Teachings*; *Joseph Smith*, 98.)

Mwen priye pou nou sensèman dezire epi kòrèkteman envite Sentespri a nan lavi nou chak jou. Mwen priye tou pou nou chak fidèlman obeyi kòmandman Bondye yo epi reyèlman resevwa Sentespri a. Mwen pwomèt ke benediksyon Pwofèt Joseph Smith te dekri bay Brigham Young yo aplikab ak aksesib pou chak moun k ap koute oubyen li mesaj sa a.

Mwen rann temwayaj konsènan reyalite vivan Papa a ak Pitit Gason an. Mwen temwaye ke Sentespri a se yon revelatè, yon konsolatè, ak pi bon enstriktè ke nou ka aprann nan men ni. Epi mwen temwaye ke benediksyon ak don Lespri yo la nan Legliz retabli a, Legliz vrè ak vivan Jezikri a nan dènnye jou sa yo. Mwen temwaye konsènan bagay sa yo nan non sakre Senyè Jezikri, amèn.